

## EKSPLIKASYON JENERAL

Tanpri li paj 1 ak paj 2 blòk dokiman sa a anvan ou ranpli aplikasyon ki nan paj 3 a. Ou kalifye pou yon pèmi pakin espesyal oswa pou plak machin si ou se yon moun k ap viv nan Eta New York epi si ou gen youn oswa plizyè **andikap grav** ki afebli **mobilité ou**. Pou jwenn yon deskripsyon **andikap sa y**, gade Pati 2 aplikasyon ki nan paj 3 blòk dokiman sa a. Nou ka ba ou yon pèmi pakin pou swa yon andikap pèmanan oswa yon andikap pou yon ti tan. Nou bay **pèmi yo nan non moun ki gen andikap la**. Ou **pa** oblije se yon chofè, oswa pwopriyete yon veyikil ki anrejistre pou resevwa yon pèmi pakin. Timoun nenpòt laj ki gen yon andikap grav kalifye pou pèmi yo, menm jan a moun ki avèg legalman.

### 1) Pou aplike pou pèmi pakin:

- (a) Ranpli Pati 1 fòm aplikasyon ki nan paj 3 a. Si ou gen yon **ANDIKAP PÈMANAN**, mande yon Doktè Medikal, yon Doktè Osteyopati, yon Asistan Doktè, yon Enfimyè Pratisyen, yon Doktè Lamedsin Podyatrik (pou andikap ki gen pou wè ak pye) oswa yon Optometris (pou moun ki avèg) ranpli seksyon Sètifika Medikal “andikap pou yon ti tan” nan Pati 2 fòm aplikasyon an, epi retounen fòm nan ba ou. Si ou gen yon **ANDIKAP POU YON TI TAN** ki lakòz ou oblije itilize yon aparèy sipò, mande yon Doktè Medikal oswa yon Doktè Osteyopati ranpli seksyon Sètifika Medikal “andikap pou yon ti tan” nan Pati 2 fòm aplikasyon an, epi retounen fòm nan ba ou. **NÒT**: Si ou gen yon andikap pèmanan, ajan ki bay pèmi an ka anile kondisyon pou sètifika medikal la si ou gen yon andikap ki parèt vizib epi ki fasil pou idantifye aklè (tankou pèt yon janm) **OSWA** si ou **deja** gen plak imatrikilasyon pou moun ki gen andikap grav.
- (b) **Ou dwe pote aplikasyon ou ki ranpli a ba ajan ki la pou bay pèmi an pou vil, ti vil oswa vilaj kote w ap viv la. PA VOYE APLIKASYON OU NAN DEPATMAN VEYIKIL-A-MOTÈ (DMV)- DMV PA BAY PÈMI PAKIN.** Si ou gen yon lisans chofè oswa yon kat ID ki pa lisans chofè yo ba ou nan DMV Eta New York, ou dwe montre dokiman an ba ajan ki bay pèmi an. Ajan ki bay pèmi an ap ekri sou pèmi ou twa (3) dènye chif nimewo nèf (9) chif ou ki enprime sou lisans ou oswa sou kat ID ou ki pa lisans chofè pou ede lapolis idantifye vrè moun ki gen pèmi an epi pou ede limite abi. **OU PA OBLIJE GEN YON LIANS CHOFÈ MACHIN NI YON KAT IDANTITE POU MOUN KI PA KONDWI MACHIN NYS DMV BAY POU KAPAB JWENN YON PÈMI, EKSEPTÉ SI OU SE YON REZIDAN VIL NEW YORK** (yo p ap bay rezidan Vil New York ki pa prezante yon kopi lisans pou kondwi machin li ni yon kat idntite pou moun ki pa kondwi machin avèk aplikasyon pou pèmi a, jan sa dekri anba la a).

**MOUN K AP VIV NAN VIL NEW YORK** - Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, NYC DOT) konn bay rezidan Vil New York pèmi. Si ou yon rezidan Vil New York ki bezwen yon pèmi, ou dwe voye aplikasyon ou an **ansanm ak** yon kopi lisans chofè machin oswa kat idantite pou mun ki pa kondwi bay NYC Department of Transportation, Permits and Customer Service, 30-30 Thomson Ave, 2nd Floor, Long Island, NY 11101-3045. Rele (718) 433-3100 pou jwenn plis enfòmasyon. **Si ou pa prezante yon kopi lisans chofè machin ou oswa kat idantite pou moun ki pa kondwi anmenm tan ak aplikasyon ou an, NYC DOT p ap bay okenn pèmi.** Si ou gen plak imatrikilasyon pou moun ki gen andikap grav, ranpli Pati 1 an epi tache yon kopi anrejistremant veyikil ou. Si ou gen plak imatrikilasyon espesyal pou moun ki gen andikap grav, tache yon foto plak imatrikilasyon ou ki montre Senbòl Aksè Entènasyonal la [International Symbol of Access (ISA)]. Tanpri li enfòmasyon enpòtan yo konsènan “PAKIN NAN VIL NEW YORK” nan paj 2.

**MOUN K AP VIV NAN KONTE NASSAU** - Rele nimewo (516) 227-7399 (Biwo Konte Nassau pou Moun ki gen Andikap Fizik) pou konnen ki kote pou aplike pou yon pèmi.

**TOUT LÒT MOUN K AP VIV NAN ETA NEW YORK** - Rele lameri vil, ti vil oswa vilaj ou pou konnen adrès ajan ki pi pre ou a ki bay pèmi yo. **Pifò sekretè vil, ti vil oswa vilaj, ak kèk depatman lapolis, bay pèmi yo.** Pifò ajan yo aksepte fòm MV-664.I, men kèk ajan gen fòm aplikasyon pa yo, epi se pa tout ajan yo ki bay pèmi pou andikap pou yon ti tan.

### 2) Pou aplike pou plak imatrikilasyon:

- (a) Andikap ou **dwe** se yon andikap ki pèmanan.
- (b) Veyikil ou pral itilize plak imatrikilasyon espesyal dwe **anrejistre pou moun ki gen andikap la**. Yon moun dwe gen omwen laj 16 zan pou li gen yon veyikil ki anrejistre sou non li.
- (c) Ranpli Pati 1 aplikasyon an ki nan paj 3. Yon Doktè Medikal, yon Doktè Osteyopati, yon Asistan Doktè, yon Enfimyè Pratisyen, yon Doktè Lamedsin Podyatrik (pou andikap ki gen pou wè ak pye) oswa yon Optometris (pou moun ki avèg) dwe ranpli seksyon “Andikap Pèmanan” ki nan Pati 2 fòm aplikasyon an, epi li dwe retounen nan fòm nan ba ou. **NÒT**: Biwo Veyikil-a-Motè a ka anile kondisyon pou yon sètifika medikal si ou gen yon andikap pèmanan epitou si ou gen andikap ki parèt vizib epi ki fasil pou idantifye aklè (tankou pèt yon janm) **OSWA** si ou gen yon pèmi pakin pèmanan (ble) pou moun andikape. Moun ki gen pèmi yo ta dwe vini avèk pèmi an, yo ta dwe ranpli Pati 1 fòm aplikasyon epitou yo ta dwe tache yon kopi aplikasyon pou pèmi an ki montre sètifika medikal la oswa deklarasyon doktè a.
- (d) Ou kapab **jwenn plak imatrikilasyon yo nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè**. Vini avèk fòm aplikasyon ou ranpli a.
- Pou anrejistre veyikil ou pou premye fwa, ou dwe bay tout dokiman ki obligatwa pou resevwa yon anrejistremant orijinal epitou ou dwe mete prèv andikap ou.
  - Si ou gen plak imatrikilasyon nan vwati ou, vini avèk plak yo pou boukante yo pou plak pou moun ki gen andikap grav. Ou dwe ranpli yon aplikasyon pou anrejistremant (fòm MV-82) epi ou dwe peye \$25.00 dola pou nouvo plak imatrikilasyon ki montre Senbòl Aksè Entènasyonal la [International Symbol of Access (ISA)].
  - Si tranzaksyon sa a fèt nenpòt lè ki pa lè w ap renouvle anrejistremant yon veyikil, w ap gen pou peye yon frè tranzaksyon siplemantè pou \$3.75 dola.
  - Plak imatrikilasyon pèsonalize ki gen yon ISA disponib nan biwo Plak Imatrikilasyon Espesyal DMV. Pou jwenn enfòmasyon, rele nimewo (518) 402-4838.

## FASON POU UTILIZE PLAK IMATRIKILASYON AK PÈMI PAKIN

- ◆ Ou ka itilize plak imatrikilasyon ak pèmi yo pou estasyon machin ou nan espas pakin ki rezève yo **sèlman lè moun ki gen andikap la nan machin nan oswa lè l ap kondi machin nan**. Moun ki pa andikape yo pa kapab itilize pèmi pakin oswa plak imatrikilasyon espesyal pou estasyon machin yo nan yon espas ki rezève; moun ki estasyon machin yo ilegalman nan espas sa yo vyole Seksyon 1203-c(4) Lwa Eta New York sou Veyikil ak Sikilasyon Machin (NYS Vehicle and Traffic Law) epi yo kapab peye yon amann \$50 dola jiska \$75 dola pou yon premye vyolasyon, ak yon amann \$50 dola jiska \$150 dola pou yon dezyèm vyolasyon ki fèt nan dezan. Minisipalite yo kapab enpoze pi gwo amann. Si yon moun abize oswa mal itilize nenpòt pèmi pakin oswa plak imatrikilasyon pou moun ki andikape, nou ka anile plak imatrikilasyon moun sa a.
- ◆ Pèmi pakin yo ta dwe pandye nan retwovizè andedan an lè machin nan estasyon, men ou ta dwe retire li nan retwovizè a lè w ap kondi machin nan.
- ◆ Anjeneral, plak imatrikilasyon yo ak pèmi yo valab tout kote nan Eta New York kote gen espas pakin ki rezève pou moun ki gen andikap Men, itilizasyon plak imatrikilasyon oswa pèmi pa ba ou egzansyon nan règleman pakin eta a oswa lokal oswa frè pou peye oswa kondisyon pou jwenn pèmasyon pou estasyon nan yon espas ki deziyen. Plak imatrikilasyon yo ak pèmi yo valab tou nan pifò lòt eta yo, teritwa yo ak peyi etranje. Si w ap vwayaje deyò New York, kontakte lapolis oswa ajans Veyikil-a-Motè ki nan kote ou pral ye a pou konnen si y ap akseptè pèmi ou oswa plak imatrikilasyon ou.
- ◆ Espas pakin ki rezève pou moun ki andikape yo dwe make avèk siy ki vizib epi ki enstale anlè nèt epi ki montre senbòl chèz-woulant. Siy sa yo gen pozisyon nan yon wotè senk (5) a sèt (7) pye anwo sifas espas pakin nan. Deziyasyon espas rezève yo ka gen ladan itilizasyon liy oswa mak ki pentire an ble. **Pa estasyon nan ranp aksè ki gen trè yo ki toupre espas ki rezève pou moun ki andikape** menmsi ou gen yon pèmi oswa plak imatrikilasyon. Ranp aksè yo bay espas pou moun ki sou chèz-woulant yo ak pou lòt machin ki gen ekipman espesyal pou transfere san pwoblèm pou monte ak desann nan machin yo.
- ◆ Lokalite yo deziyen espas pakin pou moun ki andikape dapre lwa lokal oswa dekrè minisipal. Si ou gen kesyon sou pakin pou moun andikape nan yon ri patikilye, kontakte otorite ki fè antretyen sou wout la. Si ou gen kesyon sou pakin ki rezève nan nenpòt bilding ki gen pakin ki pa nan lari a, kontakte manadjè bilding nan oswa enspektè bilding lokal la.

### ◆ PAKIN KI NAN VIL NEW YORK

Vil New York (New York City, NYC) pa rezève espas nan lari li yo sèlman pou moun ki andikape. Sepandan, Vil la konn bay yon pèmi pou Vil la (yon pèmi rektangilè pou tablo debò an) ki pèmèt yon moun ki gen gwo andikap pake nan lespas devan twotwa ki pa disponib pou pifò veyikil yo oubyen nan yon espas pakin legal ki peyan gratis. Pèmi a pa valab andeyò Vil New York la. Ou kapab gen yon pèmil pou Vil la ansanm ak yon pèmi pou Eta New York, epi se NYC DOT ki bay toulede.

Nan tout Eta ak nan Vil New York, espas pakin ki rezève disponib nan zòn estasyonman pou sant dacha, sant komèsyal, bilding biwo, bilding apatman ak konpans nan kolèj. Ou kapab itilize plak espesyal oswa pèmi Eta a pou pake nan teren ki rezève nan zòn ki pa nan lari.

Si ou bezwen plis enfòmasyon iswa pou jwenn yon aplikasyon pou yon pèmi, ou gendwa ale gade nan sit Wèb NYC DOT an ki nan [www.nyc.gov/dot](http://www.nyc.gov/dot) oswa rele (718) 433-3100. Epitou ou gendwa kontakte NYC DOT nan:

NYC Department of Transportation  
Permits and Customer Service  
30-30 Thomson Avenue, 2nd Floor  
Long Island City, NY 11101-3045

### ◆ EGZANPSYON POU PAKOMÈT

Si ou gen yon andikap ki gen pou wè ak mobilite ou epi si ou gen yon andikap grav ki limite mwayen ou pou gen aksè oswa pou mete peman nan yon pakomèt, ou ka kalifye pou yon egzansyon pou pakomèt. Egzansyon pou pakin peyan otorize moun ki genyen l pou li pake nan yon espas pakin peyan nan nenpòt vil, minisipalite oswa vilaj an Eta New York (ekseptè nan Vil New York) san li pa peye okenn chaj. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade fòm MV-664.1MP (Aplikasyon pou yon Egzansyon pou Pakomèt pou Moun ki Andikape) ak fòm MV-664.2MP (Enfòmasyon sou Egzansyon pou Pakomèt). Fòm sa yo disponib nan biwo ajan lokal ou ki bay pèmi an epitou yo disponib nan sitwèb DMV nan [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov).

Tanpri DETACHE nan kote KI GEN TI TROU YO epi konsève paj 1 ak 2 pou enfòmasyon ou.



Department of Motor Vehicles

APLIKASYON POU YON PÈMI PAKIN OSWA PLAK IMATRIKILASYON, POU MOUN KI GEN ANDIKAP GRAV

Tanpri li paj 1 ak 2 blòk dokiman sa a anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Si ou aplike pou yon pèmi pakin, pote aplikasyon an ba ajan ki bay pèmi an (minisipalite lokal) nan vil, ti vil oswa vilaj kote w ap viv la; **pa voye aplikasyon ou nan Depatman Veyikil-a-Motè paske DMV pa bay pèmi pakin.**

**Pati 1 ENFÒMASYON SOU MOUN KI GEN ANDIKAP — (Tanpri ekri an lèt detache epi siyen non ou toupre flèch la.)**

Non Fanmi	Prenon	Dezyèm Prenon	Nimewo Telefòn ( )
Adrès: Nimewo Kay ak Ri	Nimewo Apatman	Vil	Eta Kòd Postal
Dat Ou Fèt	<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm	Mwen vle: <input type="checkbox"/> Plak Imatrikilasyon (Aplike pou DMV.)	<input type="checkbox"/> Yon Pèmi Pakin (Aplike nan biwo yon ajan lokal ki bay pèmi an.)
Èske ou gen plak imatrikilasyon pou moun ki andikape?		<b>Rezidan Vil New York</b> - Tache la a yon kopi lisans chofè machin ou an oswa kat idantite pou moun ki pa kondwi ou an. Si ou te gen yon pèmi pou Eta New York, ekri nimewo an la a:	
<input type="checkbox"/> Wi - Nimewo plak imatrikilasyon mwen se: _____		<input type="checkbox"/> Non	

**Li nòt ki nan paj 4 la anvan ou siyen non ou**  
 → \_\_\_\_\_ (Dat la)  
 (Siyati Moun ki Andikape a oswa Siyati Paran oswa Responsab Legal) — Si se yon paran oswa yon responsab legal ki siyen, tanpri ekri sa ou ye pou moun ki andikape a apre siyati ou.

**Pati 2 SÈTIFIKA MEDIKAL**

**NÒT:** Yon Doktè Medikal [Medical Doctor (MD)], yon Doktè Osteyopati [Doctor of Osteopathy (DO)], yon Asistan Doktè [Physician Assistant (PA)], yon Enfimyè Pratisyen [Nurse Practitioner (NP)], yon Doktè Lamedsin Podyatrik [Doctor of Podiatric Medicine (DPM, pou andikap ki gen pou wè a pye)] oswa yon Optometris [Optometrist (OD, pou moun ki avèg)] ka bay yon sètifika pou **ANDIKAP PÈMANAN**. Men se sèlman yon Doktè Medikal oswa yon Doktè Osteyopati ki ka bay yon sètifika pou **ANDIKAP POU YON TI TAN**.

**Koche kaz (yo) ki dekri andikap la, epi mete dyagnostik la:**

**ANDIKAP POU YON TI TAN:** Yon moun ki gen yon andikap pou yon ti tan se nenpòt moun ki pa kapab deplase pou yon ti tan san èd yon aparèy sipò. Kèk egzanzp aparèy sipò se, men pa sèlman, yon atèl, yon badin, yon bekiy, yon aparèy pwotetik, yon lòt moun, yon chèz-woulant oswa yon kad pou mache. **ENPÒTAN:** Nou bay pèmi pwovizwa yo pou sis (6) mwa oswa mwens kèlkeswa dat doktè prevwa pou refè.  
 Dat ki Prevwa pou Refè: \_\_\_\_\_ Dyagnostik: \_\_\_\_\_  
 Ki aparèy sipò ki nesèsè? \_\_\_\_\_

**ANDIKAP PÈMANAN:** Yon moun ki gen “andikap pèmanan” se nenpòt moun ki gen youn oswa plis andikap PÈMANAN, andikap oswa pwoblèm medikal ki endike anba la a, ki limite mobilite moun nan.

**Dyagnostik:** \_\_\_\_\_ Tanpri koche kaz pou pwoblèm medikal ki konsène ou:

Itilizasyon oksijèn pòtatif  Avèg legalman  Limite oswa pa kapab itilize toulède janm yo  Pa kapab mache sou yon distans 200 pye san ou pa kanpe

Disfonksyon newo-miskilè ki limite mobilite a yon fason grav  Pwoblèm kadyak Klas III oswa IV (Kondisyon American Heart Association)

Limite yon fason grav nan mwayen pou mache akòz yon pwoblèm atrit, yon pwoblèm newolojik oswa yon pwoblèm òtopedik

Gen restriksyon akòz maladi poumon nan yon limit ki lakòz volim ekspiratwa (respiratwa) pa segonn, lè li mezire nan espiwometri, pi piti pase yon lit, oswa presyon ateryèl nan oksijèn nan pi piti pase swasant (60) mm/hg lè chanm pandan ou nan repo

Gen yon andikap yon pwoblèm fizik oswa mantal ki pa endike anwo a ki se yon degre andikap egal, epi ki lakòz moun nan gen difikilte iregilye pou itilize sèvis transpò piblik epitou ki anpeche moun nan deplase san gwo difikilte.

**EKSPLIKE ANBA LA A KIJAN ANDIKAP SA A LIMITE MOBILITE FONKSYONÈL OU.**

\_\_\_\_\_

Non MD/DO/DPM/NP/PA/OD	Nimewo Lisans Pwofesyonèl
Adrès MD/DO/DPM/NP/PA/OD	Nimewo Telefòn ( )

**Li nòt ki nan paj 4 la anvan ou siyen non ou**  
 → \_\_\_\_\_ (Dat la)  
 (Siyati MD/DO/DPM/NP/PA/OD)

**Part 3 FILE INFORMATION (For Issuing Agent Use Only)**

Blue  Red **Parking Permit No.** \_\_\_\_\_ Date Issued: \_\_\_\_\_ Date Expires: \_\_\_\_\_

First  Second 9-digit number from NYS Driver License/ID Card \_\_\_\_\_

Denied  Revoked Reason: \_\_\_\_\_ (Date) \_\_\_\_\_

→ \_\_\_\_\_ (Issuing Agent) \_\_\_\_\_ (Locality)

# **NÒT POU KLIYAN YO AK PWOFEZYONÈL MEDIKAL YO**

Dapre Lwa Eta New York sou Veyikil ak Sikilasyon epitou dapre Lwa Penal, se yon krim (yon deli grav oswa yon deli) pou bay fo deklarasyon oswa pou bay fo enfòmasyon nan yon fòm aplikasyon pou yon pèmi pakin oswa pou plak imatrikilasyon pou yon moun ki gen andikap grav. Yon moun ki fè krim sa a ka gen pou peye yon amann, li ka tonbe anba toulède pinisyon yo. Si krim sa a konsène yon aplikasyon pou yon pèmi pakin, krim nan ka lakòz tou moun nan responsab pou peye yon sanksyon sivil \$250 - \$1,000 dola.

## **Pou Kliyan Ki Vle Plak Imatrikilasyon, oswa yon Pèmi Pakin, pou Moun ki gen yon Andikap:**

Lè ou siyen Pati 1 aplikasyon sa a, ou konfime:

- enfòmasyon ou bay sou aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vrè;
- ou li epi konprann kondisyon yo pou “Fason pou Itilize Plak Imatrikilasyon ak Pèmi Pakin” ki endike nan paj 2 a; epi
- ou dakò pou respekte kondisyon sa yo.

## **Pou Pwofesyonèl Medikal Ki Bay Enfòmasyon Medikal pou Sipòte yon Aplikasyon pou Plak Imatrikilasyon, oswa yon Pèmi Pakin, pou Moun ki gen yon Andikap:**

Lè ou siyen Pati 2 aplikasyon sa a, ou konfime:

- enfòmasyon medikal ou bay yo se enfòmasyon ki vrè ak konplè; epi
- dapre sa ou konnen, moun ki gen non li endike nan Pati 1 aplikasyon an kalifye sou plan medikal pou resevwa plak imatrikilasyon, oswa yon pèmi pakin, pou moun ki gen yon andikap, dapre kondisyon medikal ki endike nan Pati 2 a.

